


# Vakans kay grann nou

 Violet Otieno

 Catherine Groenewald

 ACE Haiti-University of Notre Dame USA

 4

 krèyol ayisyen ht



Odongo ak Apiyo te rete lavil ak papa yo. Yo tap tann vakans yo ak anpil enpasyans. Se pa sèlman paske lekòl la te fèmen men tou paske yo te anvi wè grann yo. Grann yo te rete nan yon ti vilaj pechè akote yon gwo basen.



Odongo ak Apiyo te kontan yo ta pral wè grann yo ankò. Jou lannwit sa sa yo fè malèt yo enpi yo pare pou vwayaj byen long sa a. Yo pate kapab dòmi, yo chita pale tout lannwit lan sou vakans yo.



Byen bonè nan maten, yale nan machin papa yo jis nan vilaj kote grann yo rete. Sou wout la yo travèse mòn ak plantasyon enpi yo kwaze bèt sovaj. Yo konte kantite machin yo wè. Yo chante.



Aprè yon titan, timoun yo bouke, yo tonbe dòmi.



Lè yo rive papa a reveye Odongo ak Apiyo. Yo jwenn grann yo, Nyar-Kanyada, kouche atè lap dòmi sou yon nat anba yon pyebwa. Nyar-Kanyada vle di “pitit fi pèp Kanyada la » nan lang Luo. Nyar-Kanyada se te yon bèl fanm ak yon bèl karaktè.



Nyar-Kanyada akeyi yo lakay li enpi li danse ak chante ak yo tèlman kè'l te kontan. Pitit pitit li yo te kontan bay li kado yo te pote pou li. Odongo di "Louvri pa'm anvan ». Apiyo di « Non, se pa'm pou'w louvri anvan!».



Lè li fin louvri kado yo, Nyar-Kanyada beni pitit pitit li yo selon lakoutim.





Aprè sa a, Odongo ak Apiyo al jwe deyò. Yo kouri dèyè papiyon ak zwazo.



Yo grenpe pyebwa, yo benyen nan dlo basen an.



Lè kòmanse fè nwa, yo tounen lakay grann yo pou yo manje men yo tonbe dòmi anvan yo fin manje!



Demen, papa a tounen lavil li kite timoun you ak  
grann yo.



Odongo ak Apiyo ede grann yo ak kèk ti travay nan kay la. Yo chache dlo ak bwa pou fè dife. Yo pran ze poul yo ak ti pwa vèt nan jaden a.



Nyar-Kanyada aprann timoun yo prepare ugali pou manje ak bouyon. Li montre yo tou kijan pou yo fè diri kokoye pou manje ak pwason boukannen.



Yon maten, Odongo mennen bèf grann li nan savann pou yo manje. Yo kwaze ak vwazen an ki se yon abitan. Vwazen an te fache anpil ak Odongo. Li menase'l lap kenbe bèf yo paske yo tap manje jaden li yo. Depi jou sa a, ti gason an pa janm mennen bèf yo la ankò pou li pa gen pwoblèm.



Yon lòt jou, timoun yo ale nan mache ak Nyar-Kanyada. Li te gen yon bak pou'l vann legim, sik ak savon. Apiyo te renmen bay kliyan yo pri machandiz yo. Odongo te renmen mete yo nan sache.





Nan fen jounen an yo bwè te chai ansanm. Yo ede grann nan konte lajan li fè pou lajounen an.



Men, fen vakans ap vini. Fòke timoun yo tounen lavil la. Nyar-Kanyada bay Odongo yon kap ak Apiyo yon chanday. Li mete manje nan valiz yo pou vwayaj la.



Lè papa yo vin chache yo, yo pa te vle ale. Timoun yo mande pou Nyar-Kanyada vini abite lavil ak yo. Men, Nyar-Kanyada souri, li di yo "Mwen twò granmoun kounyè a pou'm ale lavil. Map tann nou isit nan vilaj mwen."



Odongo ak Apiyo bo grann yo byen fò pou di  
orevwa.



Lè Odongo ak Apiyo tounen lekòl la yo rakonte zanmi yo kijan lavi a nan vilaj la ye. Gen kèk nan yo ki kwè ke lavil la bon tou. Gen lòt ki santi ke vilaj la pi bon toujou. Men, pi fò nan yo te dakò ke Odongo ak Apiyo gen yon pakèt granmanman!




# Global Storybooks

[globalstorybooks.net](http://globalstorybooks.net)

## Vakans kay grann nou

 Violet Otieno

 Catherine Groenewald

 ACE Haiti-University of Notre Dame USA

